

Pwen Konvèsasyon Biwo Responsab Resansman 2020 Konte Miami-Dade

Men fè rapid ki pou gide konvèsasyon w yo sou zafè resansman 2020 an.

“Ranpli resansman 2020 an ap ede w ak tout kominote w la.”

Done resansman yo pèmèt pran desizyon enpòtan ki afekte lavi nou ak kominote n. Enpòtan resansman an kòmanse avèk konstitisyon Etazini an ki òdone pou yo konte tout moun ki ap viv Etazini. Lè w ranpli resansman an, w ap ede asire plas nan Chanm Reprezantan yo byen distribye epi distri lejislatif yo trase kòrèkteman, atravè tout nivo gouvènman yo. Anplis, done w yo asire ke kominote w la resevwa bonjan konsiderasyon lè y ap konstwi wout ak lè yo ap distribye lajan federal.

“Ou ka ranpli resansman 2020 an sou entènèt, pa telefòn, oswa lapòs.”

Vè mitan mwa mas 2020, majorite kay va resevwa yon kat postal ki mande patisipasyon sou entènèt. Si w pa gen aksè a entènèt lakay ou, ou ka toujou sèvi ak telefòn entelijan w oswa yon kiyòs ki disponib nan lapòs lokal ou, bibliyotèk, sant kominotè, elatriye pou patisipe sou entènèt. Ou gen anplis opsyon pou reponn pa telefòn oswa pa lapòs Etazini.

“Opsyon pou ranpli resansman 2020 an disponib nan anpil lang.”

Kesyonè resansman an va disponib nan anpil lang, tou depann de metòd ou chwazi pou w reponn. Kesyonè sou entènèt ak pa telefòn lan va disponib nan 13 lang. Yo va enprime fòm sou papye yo nan lang anglè ak espanyòl pandan gid ak vokabilè lang yo va disponib nan 59 lang ki pa anglè, plis bray.

“Enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye w yo konfidansyèl.”

Anplwaye Biwo Resansman yo prete sèman pou tout lavi yo pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou. Nenpòt vyolasyon sèman sa a vini avèk yon penalite ki ale jiska \$250,000 ak/oswa 5 lane prizon. Dapre tit 13 Kòd Etazini an, Biwo Resansman an pa ka divilge enfòmasyon ki ka idantifye moun, kay oswa biznis, menm ajans yo ki la pou fè respekte lalwa. Lòt ajans gouvènman an oswa tribinal paka wè ak sèvi ak enfòmasyon w. Dapre tit 44 Kòd Etazini, Achiv Nasyonal Etazini ak Administrasyon Dosye kapab divilge dosye resansman apre sèlman 72 lane pou sipòte rechèch istorik.

“Sekirite done w yo se pi gwo priyorite Biwo Resansman an.”

Si w chwazi soumèt repons ou sou entènèt, ou mèt asire ke done ou yo pwoteje ak plizyè kouch enkripsyon, answit yo retire li sou entènèt imedyatman ou soumèt li. Biwo Resansman an travay ansanm avèk kominote entelijans federal la ak endistri prive pou kenbe done yo an sekirite.